

Septanm 2021

School-Parent Compact School Year 2020-2021-Creole version

Chè Paran / Responsab,

Tanpri li epi revize Kontra ant Lekòl – Paran an ki pi ba a avèk pitit ou. Tanpri siyen epi retounen l bay pwofesè pitit ou a. N ap travay ansanm pou siksè pitit ou a.

Kontra ant Lekòl-Paran an pou Ane Akademik 2020-2021

Pèsonèl anseyan, estaf, paran ak elèv nan *Howell L. Watkins* dakò kontra sa a souliye fason nou pral pataje responsablite pou amelyore akonplisman akademik elèv ak fòmasyon sosyo-emosyonèl elèv la. Kontra a dekri kòman lekòl la ak paran yo pral bati ak devlope yon patenarya pou ede timoun yo atenn estanda akademik siperyè eta a atravè edikasyon nan aprantisaj adistans ak nan bilding lekòl.

Tanpri revize Kontra ant Paran-Lekòl la

Objektif Akademik Lekòl la:

Amelyore konpetans nan lekti pa 2%, nan klas 6-8, lekòl nou an pral konsantre sou yon apwòch ekspozisyon jeneral pou anseye estanda ak estrateji nan lekti ak redaksyon nan itilize resous ki baze sou rechèch, ki idantifye. Amelyore ogmante konpetans nan matematik pa 2% nan klas 6-8, itilize done nou yo pou oryante ansèyman atravè yon (« *Single school culture* » Kilti/filozofi inik yon lekòl). Lekòl nou an pral travay pou amelyore konpetans nan matematik klas 6^{yèm} -8^{yèm} ane pou nou nan bon direksyon pou satisfè rezilta alontèm (preparasyon lekòl segondè) Plan Estratejik Distri a, rive 2022. Anplis, lekòl nou an pral travay ane sa a avèk inisyativ pou fòmasyon sosyal emosyonèl eta a ak distri a.

Pwofesè klas 6^{yèm} - 8^{yèm} ane nan Howell L. Watkins – dakò epi y ap travay avèk elèv ak fanmi yo pou sipòte siksè elèv yo nan tout klas adistans ak nan lekòl la. Nou pral konekte aprantisaj ant lekòl ak fanmi yo jan sa mansyone pi ba a:

- Bay paran yo yon lis literati pou elèv yo li ak kesyon pou paran yo diskite apre lekti
- Ofri (vityèl si se nesèsè) Sware pou Fanmi ki konsantre sou estanda espesifik nivo klas la dapre rezilta ak bezwen elèv la.
- Bay fanmi mwayen pou konekte sou sit ki fanmi yo pratike teknik, avèk yon jounal pou paran kontwòl pratik elèv yo sou teknik sa yo.
- Ofri opòtinite kontinyèl pou paran ranpli epi pataje eksperyans ak desizyon ki lye ak edikasyon pitit yo ak diskisyon sou preparasyon kolèj ak pwofesyon.
- Ofri elèv ak fanmi yo resous sou sante sosyal ak emosyonèl.
- Eksplike kourikoulòm ak evalyasyon, epi pataje rezilta pèfòmans epi entèprete yo.

The School District of Palm Beach County is an Equal Education Opportunity Provider and Employer.

Awilda V. Tomas-Andres, Ed.S., M.Ed. **Richard Brown** **Kim Jastrome, Ed.D.** **Shauna T. Wright, Ed.S.**
Direktris Sou-Direktè Sou-Direktè Sou-Direktris

Paran yo dakò pou travay avèk pwofesè ak pitit yo pou jwenn siksè epi satisfè atant yo nan tout klas adistans ak nan lekòl la. Paran yo pral konekte aprantisaj ant lekòl la ak lakay jan l mansyone pi ba a:

- Lekti ak diskisyon sou liv yo lakay.
- Patisipe nan Sware pou Fanmi yo pou aprann plis sou estrateji pou ede pitit mwen/yo pratike lakay.
- Kontwòl devwadmezon chak jou.
- Fè suivi avèk lekòl la ak ajans yo sou resous sou sante sosyal ak emosyonèl.
- Fè sèten pitit mwen/yo vini lekòl chak jou, abiye pou siksè, alè, pare pou aprann ak suiv tout règleman ak pwosedi tout lekòl la, adistans oswa nan lekòl la.
- Reyinyon avèk pwofesè ak konseye akademik pitit mwen pou diskite sou pwogrè, opsyon lekòl segondè ak kolèj epi opsyon pou karyè yo. (opsyon vityèl disponib)

Elèv yo dakò pou travay avèk pwofesè ak paran yo pou siksè nan tout klas. Elèv yo pral konekte aprantisaj ant lekòl ak lakay jan sa mansyone pi ba a:

- Diskisyon sou liv mwen li avèk paran mwen.
- Pote nòt Sware pou Fanmi ak lòt aktivite lekòl yo lakay.
- Itilize paj entènèt ki rekòmande yo pou amelyore abilte.
- Reyinyon avèk pwofesè, konseye akadmik, akministratè/tris, ak paran(yo) pou diskite sou pwogrè ak opsyon lekòl segondè ak kolèj ak opsyon sou karyè yo. (opsyon vityèl disponib)
- Konplete epi retounen tout devwa ki obligatwa yo.
- Vini lekòl chak jou, alè, pare pou aprann epi suiv tout règleman ak pwosedi tout lekòl la, adistans oswa nan lekòl la.



Tanpri siyen epi mete dat la pi ba a pou montre ou te li, resevwa epi dakò avèk kontra ant lekòl ak paran an. Y ap diskite sou kontra ant lekòl-paran an avèk ou pandan tout ane a nan diferan aktivite fanmi-lekòl pandan n ap travay ansanm pou ede pitit ou gen siksè nan lekòl. N ap travay sou patenarya ant lekòl-paran nou an.

Direktè/tris la

Dat

Pwofesè

Dat

The School District of Palm Beach County is an Equal Education Opportunity Provider and Employer.



HL WATKINS MIDDLE SCHOOL
Home of the Seminoles

9480 MacArthur Blvd., Palm Beach Gardens, FL 33403 (561) 776-3600 / Fax (561) 776-3603

Awilda V. Tomas-Andres, Ed.S., M.Ed. **Richard Brown** **Kim Jastrome, Ed.D.** **Shauna T. Wright, Ed.S.**
Direktris Sou-Direktè Sou-Direktè Sou-Direktris

Paran/Responsab

Dat

Elèv

Dat

The School District of Palm Beach County is an Equal Education Opportunity Provider and Employer.